

BAB III


MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung “pelaksanaan” panalungtikan nepi ka pertanyaan-pertanyaan anu aya, bisa dijawab.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca novel, (2) nganalisis struktur novel, (3) ngolah data, (4) ngadéskripsikeun data, jeung (5) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun di handap.

Bagan. 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptip analisis. Ieu méthode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis ngeunaan sumber data nu bakal ditalungtik.

Amir Suyatna (2002: 14) nétélakeun yén:

Dalam penelitian secara harfiah, penelitian deskriptif adalah akumulasi data dasar dalam cara deskriptif semata, serta tidak saling berhubungan, tidak menguji hipotesis, tidak membuat ramalan, atau tidak mendapatkan makna implikasi (walaupun banyak penelitian yang ingin mendapatkan makna implikasi masih termasuk metode deskriptif).

Ieu panalungtikan ngalacak data-data tinulis nu aya dina karya sastra, sarta ti sawatara sumber nu aya pakuat-pakaitna jeung panalungtikan. Analisis digunakeun pikeun mikanyaho ma'na jeung eusi anu aya dina unggal kecap.

3.3. Wangenan Operasional

Judul tina ieu panalungtikan nya éta "Analisis Struktural Novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar". Sangkan aya gambaran ngeunaan éta judul, perlu dijéntrékeun wangenan istilah nu aya dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Analisis nya éta panalungtikan kana hiji peristiwa pikeun meunangkeun data anu tepat. Maksud analisis dina ieu panalungtikan nya éta nalungtik ngeunaan struktur carita novel;
- 2) Struktur nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra, gembheng boga ma'na (Iskandarwassid, 2003:153);

- 3) Novel nya éta salah sahiji karya sastra dina wangun prosa anu fiktif, caritana kompleks henteu museur kana hiji konflik;
- 4) *Perang Bubat* mangrupa novel karangan Yoseph Iskandar terbitan Rahmat Cijulang Bandung dina taun 1995.

3.4. Téhnik Panalungtikan

Luyu jeung métode nu digunakeun, téhnik panalungtikan diperlukeun pikeun ngahontal tujuan dina hiji panalungtikan.

Téhnik panalungtikan kabagi jadi dua aspek, nya éta: (1) téhnik ngumpulkeun data, jeung (2) téhnik ngolah data.

3.4.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Teknik ngumpulkeun data mangrupa cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun pikeun meunangkeun tiori atawa masalah anu ngarojong kana panalungtikan.

Luyu jeung bahan anu jadi objék kajian, téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka jeung studi dokumentasi. Talaah pustaka nya éta ku cara neuleuman hal-hal anu aya patalina jeung objék panalungtikan, nya éta novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar sarta buku-buku liana ngeunaan tiori nu pakuat-kait jeung objék nu ditalungtik. Studi dokumentasi digunakeun pikeun maluruh data-data anu digunakeun dina panalungtikan, sarta analisis digunakeun pikeun néangan jeung

nganalisis sakabéh data anu aya dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar.

3.4.2. Téhnik Ngolah Data

Sanggeus nganalisis jeung neuleuman hal-hal anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik satuluyna éta data diolah. Tahap ngolah data mangrupa kagiatan nyusun jeung ngadeskripsikeun data anu dikumpulkeun nu satuluyna disusun pikeun nyieun kacindekan.

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nganalisis struktur téks novel *Perang Bubat*;
- 2) Nyusun laporan panalungtikan, disusun dina wangun skripsi.

3.5. Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2002: 150), nétélakeun yén instrumen panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Dina perkara ngumpulkeun data, instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa kartu data, gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya. Satuluyna mangrupa gambar kartu data anu dipaké ku panalungtik.

Gambar. 3.1
Conto Kartu Data

Nomer	:
Analisis	:
Cutatan	:
Keterangan	:

Gambar. 3.2
Analisis Data

Nomer	: 4.3.3.2
Analisis	: Puseur Panitén (<i>Point of View</i>)
Cutatan	: Prabu Maharaja Linggabuana sila daria, awakna ajeg , teuteupna seukeut, mencrong ka para pangagung nu hempak hareupeunana. Di gédéngeunana beulah katuhu Mangkubumi Bunisora Suradipati, sila dina pamulu nu ayem tengtrem tumungkul pinuh ku eusi
Keterangan	: (Yoseph Iskandar, taun 2009: kaca 17)

3.6. Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2002:102) panalungtikan anu ngagunakeun dokumén disebutna sumber data atawa subyék panalungtikan. Sedengkeun eusi dokumén, disebutna subyék atawa variabel panalungtikan.

Luyu jeung éta katerangan, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta Novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar nu diterbitkeun dina taun 1995, ku Rahmat Cijulang. Sumber data ieu bisa dipaluruh struktur caritana.

3.7. Léngkah Garapan

Léngkah-léngkah garapan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

1. Nangtukeun sumber panalungtikan;
2. Maca sakabéh data;
3. Nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar. Anu didéskripsikeunna ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana carita (judul, puseur panitén, gaya basa, sarta nada/suasana), jeung amanat nu ditepikeun ku pangarang dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar;
4. Nyusun laporan panalungtikan, disusun dina wangun skripsi.